



Pou Piblikasyon Imedya: 07/11/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REZILTA REPRESYON SOU MINÈ K'AP BWÈ ALKÒL YO

Otorite Likè Eta a Vize Plis Pase 500 Lokalite nan Entèkansyon Atravè Eta a epi Li Enkilpe 141 Moun Ki Gen Lisans Ki Ap Vann Bay Minè yo

Depatman Veyikil Motorize an Fè 271 Arestasyon Minè Adisyonèl Ki Ap Itilize Fo Kat Idantite yo pou Achte Alkòl

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a rezilta jefò konjwen yo ant Otorite Likè Eta a (State Liquor Authority, SLA) a ak Depatman Veyikil Motorize an (Department of Motor Vehicles, DMV) pou konbat minè ki ap konsome alkòl yo. Pandan efò ranfòsman sa a nan mwa Dawout, Septanm ak Oktòb yo, SLA te voye ajan minè an kouvèti yo nan 506 etablisman, enkilpe 141 poutèt lavant ilegal bay minè yo. An plis, anketè DMV yo te arrete 271 moun ki gen laj mwens ke 21 an yo ki ap eseye itilize fo dokiman idantifikasyon pou achte alkòl.

“Moun minè ki ap bwè alkòl yo ka lakòz move desizyon ak sitiyasyon ki danjere ki ka gen konsekans ki ap dire pandan tout lavi yo oswa trajedi ki pa nesèsè”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Apati efò ranfòsman ki ap kontinye yo, nou pral kontinye konbat konpòtman danjere sa a epi sible biznis ki ap vyole lalwa yo nan vann bay minè ak moun ki pa mati yo.”

SLA te fè 41 manèj ransèyman sou minè nan 30 konte, ak anketè ki ap voye ajan minè sou kouvèti yo nan 506 lokalite ki gen lisans likè yo, ki enkli restoran, bar, magazen epis yo, magazen komodite yo ak magazen likè yo. Ajan minè sou kouvèti yo te kapab achte alkòl nan 141 biznis ki mansyone [la a](#). 365 biznis ki te refize vann bay ajan minè sou kouvèti yo mansyone [la a](#).

Pandan ankèt yo, anketè SLA yo te antre nan lokal ki gen lisans yo separeman de minè ki sou kouvèti yo pou ka obsève epi verifye lè tranzaksyon ilegal yo te fèt. Magazen ki gen lisans SLA yo jwenn ki koupab k ap vann alkòl bay minè yo gen amann sivil pou yo peye ki ka rive jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon, ak amann ki kòmanse nan 2,500 dola rive 3,000 dola pou yon premye deli. Koupab residivis yo gen posiblite pou yo jwenn sispansyon oubyen anilasyon lisans yo.

Anketè DMV yo te fè arestasyon sa yo poutèt itilizasyon fo Kat Idantite yo:

Rejyon Kapital - 31 arestasyon

- 9 arestasyon pandan konsè Luke Bryan lan nan Saratoga Performing Arts Center (SPAC)
- 2 arestasyon nan konsè Kid Rock ak Brantley Gilbert lan nan SPAC
- 8 arestasyon nan konsè Zac Brown nan SPAC
- 12 arestasyon nan Varsity Lounge nan Albany

New York Santral - 21 arestasyon

- 2 arestasyon nan konsè Luke Bryan nan Lakeview Amphitheater
- 2 arestasyon nan konsè Kid Rock lan nan St. Joseph's Health Amphitheater at Lakeview ki nan Geddes
- 17 arestasyon nan The Red Jug, The Dark Horse Saloon, ak Harry Tony's, yo tout nan Cortland

Finger Lakes - 91 arestasyon

- 13 arestasyon nan konsè Dierks Bentley nan etablisman konsè Darien Lake lan
- 34 arestasyon nan konsè Jason Aldean lan nan Darien Lake
- 7 arestasyon pandan yon ankèt nan One Nightclub ak Vinyl ki nan Rochester
- 18 arestasyon nan konsè G-Eazy an nan Darien Lake
- 6 arestasyon nan Somerton's Public House ak Dragonfly Tavern ki nan Rochester
- 13 arestasyon nan The Red Jug Pub ak Stone Yard Brewing Company ki nan Brockport

Long Island - 36 arestasyon

- 14 arestasyon nan konsè Brad Paisley a nan Jones Beach Theater
- 22 arestasyon nan konsè Billboard Hot 100 nan Jones Beach

Southern Tier - 44 arestasyon

- 44 arestasyon nan Moonies Tavern ak Silky Jones Bar, toulède nan Ithaca

Rejyon Lwès New York - 48 arestasyon

- 24 arestasyon nan The Steer ak Main Place Bar ki nan Buffalo
- 24 arestasyon nan Old Main Inn, Sunny's Bar ak Muldoons, yo tout nan Fredonia

Fo kat idantifikasyon ke yo te konfiske pandan arestasyon sa yo te soti nan New York, New Jersey, Pennsylvania, Massachusetts, Connecticut, Rhode Island, Vermont, New Hampshire, Maine, Maryland, Delaware, California, Ohio, Illinois, South Carolina, Virginia, West Virginia ak Florida.

Balewouze a fè pati Operasyon Prevansyon (Operation Prevent), ki se yon inisyativ DMV ke yo te fè pandan tout ane a ki vize non sèlman bar yo ak etablisman kote moun konn bwè yo, men tou konsè yo, aktivite yo, ak lòt zòn kote minè yo aktif yo. Pandan yon entèvansyon Operasyon Prevansyon, anketè DMV yo travay ansanm ak SLA ak fòs lapolis yo pou verifye dokiman idantifikasyon yo. Yo kapab arete pwopriyetè ke yo dekouvri ki ap itilize fo Kat Idantite yo, epi revoke lisans yo pou yon dire minimòm soti 90 jou oswa rive jiska yon lane.

Prezidan Otorite Likè Eta New York, Vincent G. Bradley, te deklare. “Anpeche lavant alkòl bay minè yo sa rete yon priyorite pou SLA. Efò ranfòsman a gran eskal sa yo ak patnè nou yo ki nan DMV a ak fòs lapolis lokal yo pral kontinye fè pati mezi pwoyaktif nou yo pou anpeche abi alkòl pami jèn nou yo”.

Terri Egan, ki se Komisè Egzekitif Adjwen DMV ak Prezidan Pwovizwa Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor’s Traffic Safety Committee), te deklare, “Si ou ka achte yon fo kat idantifikasyon, li pa enpòtan nan ki eta li parèt li soti ladan. Anketè nou yo pral rapidman kapab repere fwod lan, epi yo pral arete ou. Nou vle jèn moun nou yo ki poko gen laj 21 an yo pou yo selebre yon fason ki responsab. Yo pa ta dwe eseye achte alkòl. Epi si yo eseye itilize yon fo Kat Idantite yo oswa Kat Idantite yon lòt moun pou ka chite alkòl yo dwe okouran ke se yon krim ke nou konsidere seryezman”.

An plis de kontinye fè respekte lwa sou konsomasyon alkòl minè yo yon fason agresif, SLA kontinye pwomouvwa edikasyon ak fòmasyon pou antite ki gen lisans yo ka evite komèt vyolasyon yo. Otòn sa a, SLA ak Asosyasyon Restoran ak Tavèn Empire State la (Empire State Restaurant and Tavern Association) ap òganize yon lòt fwa ankò yon seri fòmasyon gratis sou konfòmite toupatou nan eta a. Fòmasyon yo te kòmanse nan dat 29 Oktòb nan Buffalo, ak seminè adisyonèl ki panifye nan Canandaigua, Melville, Nanuet, Lake Placid, Syracuse ak nan Dryden. Pwogram sa yo ki dire tout yon jounen pou mèt ba, restoran ak tavèn ak pèsònèl yo, santre sou responsabilite legal ki genyen nan vann alkòl epi yo bay fòmasyon nan konpetans pratik pou ede detantè lisans yo ansanm avèk anplwaye yo ranpli responsabilite legal yo, sa gen ladan anpeche vann bay minè.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)